ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ЛЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№5 (21.163) ● 2008 гъэм щIышылэм (январым) и 16, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

ЗэфIагъэкIахэмрэ къапэщылъхэмрэ зрагъапщэ

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен республикэм и Правительствэм и Уэнафэщ Ирин Андрей, абы и пэ кьуэдэ Тхьэгъэлъыкъ Мурат, КЪБР-м и Президентым и Администрацэм и Уэнафэщ Къэзэр Альберт, министрхэр.

ЗЭГУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ куейхэм я финанс-хозяйствэ Iуэхугъэр зэрауэнтIым, социально-экономикэ зыужьыныгъэ и лъэныкъуэкIэ районхэм я Iуэху зыIутым, УФ-м и Президент хэхыныгъэхэр зэрекIуэкIымрэ зэрызыхуагъэхьэзырым.

ЗэIущIэм и пэм республикэм и Президентым кьыгъэлъэгуащ щIызыхьыхьа Iуэхум мыхьэнэщхуэ зэрыритыр, сыту жыпIэмэ, ильэсым зэрыщIэбдзэм куэд елытащ. Къанокъуэ Арсен щхьэхуэу кьытеувыIащ кьалэхэм, къуажэхэм я нобэрей гъащIэм, абыхэм я щытыкIэм, зыIуу гугъуехьхэм, абыхэм хэкIыпIэхэр псынкъаэрехьуIар. Апхуэдэу Къанокъуэм районхэр зыIууэ гугъуехьхэр утыку кьрахьащ икIи ахэр зэфIэхьныныкIэ хэкIыпIэу щыIэхэр яубзыхуащ.

Пэ кьуэдэ зэIущIэм и 2-м УФ-м и Президент хэхьныгъэр зэрекIуэкIыным и Iуэхукъ Iэ къэпсэльащ КЪБР-м и Президентым и Администрацэм и Уэнафэщ **Къэзэр Альберт**. Абы кьыхигъэщащ хэхьныныгъэхэр щекIуэкIыну щIыпIэхэр Iуэхум зэрыхуэхьзыыр, псори хабзэм тету гъэзэщIа хъунымкIэ мы зэманми Iэмал щхьэхуэхэр кьыхуэгупсысауэ зэфIэхьын зэрыхуейр. Президентым щапхьэу Шэрэдж районыр кьыщIэтэри, блэкIа ильэсыр кьызэрырахьэлIам текущуауэ жиIащ зэфIагъэкIын хуейуэ кьапэщыта кьалэнхэм я нэхъыбэр абыхэм тэмэму хэм я лъэныкъуэкIэ язныкъуэ районхэр зыIууэ гугъуехьхэр утыку кьрахьащ икIи ахэр зэфIэхьныныкIэ хэкIыпIэу щыIэхэр яубзыхуащ.

Гъатхэгъэм и 2-м УФ-м и Президент хэхьныгъэр зэрекIуэкIыным и Iуэхукъ Iэ къэпсэльащ КЪБР-м и Президентым и Администрацэм и Уэнафэщ **Къэзэр Альберт**. Абы кьыхигъэщащ хэхьныныгъэхэр щекIуэкIыну щIыпIэхэр Iуэхум зэрыхуэхьзыыр, псори хабзэм тету гъэзэщIа хъунымкIэ мы зэманми Iэмал щхьэхуэхэр кьыхуэгупсысауэ зэфIэхьын зэрыхуейр. Президентым щапхьэу Шэрэдж районыр кьыщIэтэри, блэкIа ильэсыр кьызэрырахьэлIам текущуауэ жиIащ зэфIагъэкIын хуейуэ кьапэщыта кьалэнхэм я нэхъыбэр абыхэм тэмэму кьаэзэрехьуIар. Апхуэдэу Къанокъуэм районхэр зыIууэ гугъуехьхэр утыку кьрахьащ икIи ахэр зэфIэхьныныкIэ хэкIыпIэу щыIэхэр яубзыхуащ.

«Республикэм и зыужьныгъэм ди кьару псори зэщIэдгъэуIуэу дыхуэIэжьэн хуейщ, абы щхьэкIэ сыт хуэдэ Iэмалри хэкIыпIэри егупсысауэ кьэдгъэсэбэпын, мылъкур зэщIэгъэхуэн хуейщ, - жиIащ республикэм и Уэнафэщым. - Фэ дэтхэнэ зы Iуэхугъуэми фыкIуэщIрыпIыфу, ар нэхъыбэрэ зэрызэфIэкIыным «фрисымаджэу», фызиунафэщI куейхэм щекIуэкI сыт хуэдэ Iуэхугъуэми жыдджэру фыхэту филжьыгъэр ефхьэкIыпхьэщ».

Адэкъэ зэIущIэм кьыщIэтащ газым, транспортым, щIым теухуа Iуэхугъэр. Абы-зищм епсэльну хьэзыру. Ауэ куэдым щэч кьытрахьэ лъэныкъуитIыр зэгурыIуэным.

Сыт хуэдэу щымытами, дыгъуасэ щэджагъуэ нэужьым мыарыгъэхэм я пэкIу Тбилиси щекIуэкIащ.

Къуажэдэсхэр ягъэгуфIэ

Тэрч куейм хыхьэ Дей кьуажэм дэт клубым ремонт лэжьыгъэ зэрырамыщIэкIрэ зэман куэд дэкIат. Псом хуэмыдэу щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я Iуэхур ильахьэрт унэр къэзыгъэпль системэр жьы зэрыхьуам. Бжьыхьэ - щIымахуэ пхъэхэр клубым кьекIуалIэ. НыбжьыщIэхэм уадэлажьэнырэ гугъу дыдэт, пэщхэр къызэрымыплым кьыхэкIыу. Ильэсыщ Iэм и пэкьихуэу ахэр псори зэрахьэжьащ. Апхуэдэу унэм хадьхьащ хуабэр фIыуэ зыIыгъ пластикым кьыхэщIыкIа щхьэгъубжэ 20-м щIигъу.

УНЭ щIыбыр щIэрыщIэу зэрахьащ, унэ пIэзгъэр плиткэкIэ кьрагъэжькIащ, унащхьэри иджырей щапхьэм иту пластикэкIэ щIаIуIащ. ЩIэнхабзэмкIэ унэр кьэщIэрэщIэжащ.

Клубым и залышхуэм щэнт щабэу 210-рэ щIагъэуващ.

Зи гугъу тщIа Iуэхугъэр зэфIэгъэкIыным кьрагъэувэлIа уухакIуэхэм кьакIэрымыкуу абы хэтащ клубым и лэжьакIуэхэмрэ кьужьдэсхэмрэ.

СыткIи зэпэщу икIи дахэу зэфIагъэувэжа клубым ильэсищIэ пшыхьэр щрагъэкIуэкIащ.

ТОХЪУТЭМЫЩ Ланэ.

Экстремист Iуэхугъуэхэр зэрилжьым кьыхокI

Балькъэр лъэпкым и нэхъыжьым я советыр зэхуащIыж

ЭКСТРЕМИСТ Iуэхугъуэхэр зэрырригъэкIуэкIым кьыхэкIыу, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэм зэдпэкIа гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм и 8-м иритаеу щытащ республикэм и прокурор Жириков Олег, «Экстремист лэжьыгъэм пэщIэтыным и IуэхукIэ» Федеральнэ законым ипкъ иткIэ. Абы и пэ кьихуэу КЪБР-м и прокуратурэм Балькъэр лъэпкым и нэхъыжьхэм я советым тIэунейрэ жриIауэ щытащ экстремист лэжьыгъэ ригъэкIуэкI зэрымыхъунур.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэм унафэ кьищтэным и пэкIэ Балькъэр лъэпкым и нэхъыжьхэм я советым и лэжьыгъэр республикэ прокуратурэм и унафэкIэ кьыщэтрагъэувыIауэ щытащ. 2008 гъэм щIыщылэм и 14-м КЪБР-м и Суд Нэхъыщхьэм прокурорым и заявлэнэр игъэзэщIащ, мыдрейуэ «Балькъэр лъэпкым и нэхъыжьхэм я совет» жылагъэр организацэр зэхуащIыжащ.

ХЬЭПЭ Маринэ.

Мывэ духэмкIэ ягъэбыдэ

Къэбэрдей-Балькъэрым и ухуэныгъэ нэхъыжьхэм ящыщIу 1928 гъэм лажьэу яутIыпща Мало-Къэбэрдей псы щIэтэлъадэ кIэнауэр.

Ар зэрылажьа зэманым кьриубыдэу кIэнауэм и щытыкIэр мызэ-мытIэу кьапщытащ, зыхуей хуагъэзащ. Абыхэм ящыщ зыр иджыпстуи йокIуэкI. КIэнауэм йолэжь Къэбэрдей-Балькъэрым и «Спецмеловодхозэ» федеральнэ Iуэхущапэм и уэхуакIуэхэр. Абыхэм щIэрыщIэу бетонкIэ ягъэгъэжькIащ псы зэхэшыпIэхэр. Абы кьыдэкIуэу псы Iуфэхэр Iуимылъэсыкым хуэдэу мывэ духэмкIэ ягъэбыдащ. IэщагъэлIхэм кьызэралытэмкIэ, уэру кьех псым и зэран зыми емыкIыу зытеIыгъэнымкIэ мы Iэмалым нэхъыфI кьэгъуэтыгъуейщ. «Мало-Къэбэрдей» кIэнауэр зэрауэхуэр мы гъэм илъэс 80 иракъэщ. УхуакIуэхэм щэч кьытрахьэркьым ар и махуэшхуэм зэIуэпэщу зэрыIущIэнум.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Тэрч куей.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ЗэзыгъэкIуж судыщIэхэм я лэжьыгъэр кьызэгъэпэщынымкIэ и кьулыкъум теухуа Положеныр «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ЗэзыгъэкIуж судыщIэхэм я лэжьыгъэр кьызэгъэпэщынымкIэ и кьулыкъум теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым Iуэхугъэ зэхэлъхьэным и Указ №19-УП-мкIэ кьыщIэнащ:

а) пункт 4-м хэт «щIыпIэ самоуправленэм и органхэм,» псальхэм якIэлыкIыуэ дэщIыгъужьмэ «судыщIэ зэгугъэныгъэм и органхэм,» жиIэу;

б) пункт 7-м:

етхуанэ абзацыр мы кьыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«оперативнэ, бухгалтер учетхэр кьызэрегъэпэщ икIи ирегъэкIуэкI, зэзыгъэжьуж судыщIэхэм я лэжьыгъэр къэзыгъэлъагъуэ бжьыгъэхэр зэхэлъхьэж;»;

епщыкIуэнэ абзацым кIэлъыкIуэу щIэуэ абзац дэщIыгъужьм, мы кьыкIэлъыкIуэм хуэдэу иту:

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэр я кьулыкъухэм гъэувыным пыщIа Iуэхухэм щыхэплъэкIэ зыхуэфащэ документхэмрэ информацэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм я Парламентым яретI;»

в) пункт 8-м щIэуэ абзац дэщIыгъужьм, мы кьыкIэлъыкIуэм хуэдэу иту:

«зэзыгъэкIуж судыщIэхэм я аппаратхэм я лэжьакIуэхэм я Iуэху зехьэкIэр зыхуэфащ инструкцэхэмрэ методикэхэмрэ зэрезэгъыр зэхэгъэкIыным хуэунэтIауэ зэзыгъэкIуж судыщIэхэм я архивхэр кьэпщытэныр.».

2. Мы Указым кьару егъуэт ар официальнэу кьыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м, №95-УП

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

«КъызгуроIуэ Iыхьлыхэр пфIэкIуэдыныр зэрыхьэлъэр»

КъБР-м щыIэ МВД-м и УБОП-м и унафэщI полковник КIарэ Анатолэрэ кьалэн хэха зыгъэзащIэ милицэ гупым и опереупломоченнэ Рахаев Альбертрэ зэраукIам и Iуэхум республикэ телеканалхэм щахутепсэлъыхьым, КЪР-м и Президент Къанокъуэ Арсен псом яп эрауэ яхуэгузващ милиционерхэм я Iыхьлыхэм: «КъызгуроIуэ Iыхьлыхэр пфIэкIуэдыныр зэрыхьэлъэр». Унагъуэхэм мылькукIэ дэIэпыкъуныгъэ егтынуц, абыхэм защIэдгъэкъуэнуц. Унафэ кьэтщтащ хэкIуэдахэм кьэрал наградэхэр кьратыну дыщIэлъэIуну».

Республикэм и Iэтащхьэм боевикхэм ягъэжьа щIэпхьаджагъэр гум тебгъахуэ мыхьуну и кьулытащ икIи шынагъуэншагъэ щыIэн и лъэныкъуэкIэ ялэжь Iуэхугъуэхэр егъэфIэкIуэн зэрыхуейр жиIащ: «Дэ куэд зэфIэдгъэкIыным хуейщ апхуэдэхэр дяпкIэ кьэмыхьэн щхьэкIэ. Хабзэхъуэ органхэм я лэжьыгъэр гъэлъэщыным и мызакъуэу, атIэ видеокIэльыплъыныгъэр и лъабжьэу жылагъуэ шынагъуэншагъэр кьызэрэпэща зэрыхуэ техникэ системэ пащхэри хэпщэн хуейуэ кьызэлъытэ. Налшык, республикэм и изгъэущI псэупIэ щIыпIэхэм щыщ щIыхуэхэр пIейтеиныгъ щытыныр кьызэгъэпэщын хуейщ».

Апхуэдэ системэр ильэс кIуам Дон Iуфэ Iус Ростов щагъэзльэгъуауэ щытащ Къэрал Советым и зэIущIэм. Ар кьалэ уэрамхэм щагъэува камери 138-м трахьэр мониторхэмкIэ къэзылъагъу операторхэу 17 зыщIэх пэщIу. Техникэ и лъэныкъуэкIэ а Iуэхугъуэщ Къ Р-м и Президентым игу ирихьащ икIи ильэгъуэнгъу дыдэхэм къырубыдэу ар Къэбэрдей-Балькъэрми щыхэпщэн хуейуэ кьилъытащ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанэ.



Танк лъэщхэр

Ди къэралым танкхэр щащI кьалитIым - Тагил Ищхьэрэ Омскрэ.

Абыхэм дунейм щIэупщIэнхуэ щаIэщ. Иджы мы Iэнатlэм зрагъэубгъунущ. Путин Владимир танк кьыщIэзыгъэкI корпорацэ ин кьызэрагъэпэщынымрэ теухуауэ Iэ зытридза унафэр гъэзэщIэн зэрыщIадзэр жиIащ яп эвице-премьер Иванов Сергей. ЗэгухьэныгъэщIэм Iуэхущ Iанэ Iэ 16 кьызэщIеубыдэ. Мы Iуэхум доллар мелард хухахьнущ.

Кьыхэдгъэщынщ къэрал зыбжанэм Iэщхэр щэным дхьшэщхуэ кьызэрыщIахьыр. Зиплъэфыхьмэ, абыхэм уасэкIэ Iэрыхунущ, уеблэмэ уакъыпыхункIи хъунущ. Ар кьэмыхьун щхьэкIэщ корпорацэр кьыщIызэрагъэпэщыр.

ЦIыху хэкIуэдакъым

Москва областым щыIэ Одинцовэ районым мафIэ щыщIэнат пластмассэм кьыхэщIыкIа хьэкъущыкъухэр щащI заводым.

Кьегъэлажьэ Iуэхум яхуэзфIэкIащ ар пIалъэ кIэщIым ягъэункIыфIын. Цыху хэкIуэдакъым, зыми фэбжь хихакъым.

Хабзэхъумэхэм зэхэгъэкI кьэхьуар кьызыхьэкIар.

Зэгурыуэну пIэрэ?

Курэжьм и президентым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Буржанадзе Нино жиIащ властхэр сыт хуэдэ Iуэхукъм оппозицэм епсэльну хьэзыру. Ауэ куэдым щэч кьытрахьэ лъэныкъуитIыр зэгурыIуэным.

Сыт хуэдэу щымытами, дыгъуасэ щэджагъуэ нэужьым мыарыгъэхэм я пэкIу Тбилиси щекIуэкIащ.

ФIагъыншэу икIи шынагъуэу

Китайм щыIэхущIащ сабийхэр зэрыдджэгу хьэншыпхэр щащI фабрикэ 600-м щIигъу.

Абыхэм я Iэдакъэщ Iэхьэр фIагъыншэу, сабийхэм я узынщагъэмкIэ зэрану кьалъытащ.

Сакъыныгъэр гъэткIиин

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Зубков Виктор Ростехнадзорым хэнгъэуващ газ Iэнатlэм ихьэ ткIийуэ кIэлъыплъыну.

НатIуэ зэрыщытщи, пIалъэ кIэщIым зэкIэлъыкъуэку Къзан, Железноводск, Новокуйбышевск кьалхэм кьыщIауа газ Iэмэпсымэхэм псори зэхэту цIыху 15-м я гъэщIэхэр ихьащ. Премьер-министрым Iуэхущ Iанэм и унафэщI Пуликовскай Константин кьалэн щищIащ сакъыныгъэр гъэлъэщыным теухуауэ кьыхалъхьэ Iуэхухэр тхьэмахутI пIалъэм кьытIаСэу ягъэхьэзырыну.

(ИТАР-ТАСС)

Си бзэ - си псэ, си дуней

НэхъыфIу къалъытахэр

«Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ зэпэсу 2007 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым и курыт еджапIэхэмрэ сабий гъэсапIэхэмрэ зэрыкъэтэн ящыкIуэхэр натуэ хуащ.

ЯЛЬЭГъУА псори зэхахьэжри, курыт еджапIэхэм ящыщу **яп эвуплIэр хуэгъэфащащ Налшык къалэ дэт 13-нэ гимназиэм, етIуанэр зэдагуэшащ Арщыдан дэт 1-нэ еджапIэмрэ (Лэскэн район) Налшык къалэ и 29-нэ гимназиэмрэ, ещанэ увыпIэр Кэнжэ и 20-нэ курыт еджапIэмрэ Шэджэм къалэ щыIэ 4-нэ еджапIэмрэ** ираташ.

Лъэкъыгъэ купщIафIэ кьагъэльэгъуащ сабий гъэсапIэхэми, **Ялэ увыпIэр Налшык къалэ дэт 41-нэ сабий гъэсапIэ-пэщIэдзэ еджапIэм кьихьащ, етIуанэ увыпIэр Шэджэм ЕтIуанэ дэт «Насып» сабий гъэсапIэ-пэщIэдзэ еджапIэмрэ Налшык къалэ дэт 60-нэ сабий гъэсапIэ-пэщIэдзэ еджапIэмрэ зэдагуэшащ, ещанэ увыпIэри Налшык и 31-нэ, 52-нэ сабий гъэсапIэ-пэщIэдзэ еджапIэхэм** хуагъэфэщащ.

Хабзэ зэрыхьуам тету, щIэблэм гъэсэныгъэ, зэщIныгъэ тэмэм ябгъэдэлъхьэным псэемыблэжу хуэлажь, псэпырыт Iинатlэм сытым дежи щIэщыгъуагъ гуэр хэзыльхьэну хущIэкъу егъэджакIуэ нэхъыфIэхэри кьыхагъэщащ. Апхуэдэу **адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ егъэджакIуэ пажэхэу кьалытащ Щэныкъуей Иринэ (Шэджэм къалэ дэт курыт еджапIэ №4), Бырсырей Мадинэ (Кэнжэ и курыт еджапIэ №20), Мэкъуауэ Лянэ (Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм дэт «Насып» сабий гъэсапIэ-пэщIэдзэ еджапIэ)** сымэ.

КлассщIыб лэжьыгъэр щIэщыгъуэу, удихьэхыу кьызэрэпэщынымкIэ Iэзагъэшхуэ кьагъэльэгъуащ Налшык къалэ дэт **29-нэ гимназиэм и егъэджакIуэу Ефэнды Маринэрэ Хьэшт Маринэрэ.** Абыхэм кьыщынэмыщIауэ, «Гури псэри - сабийхэм» унэтIыныгъэм кьыщыхэжаныкIащ **Сэрахъэ Людмилэ** (Налшык къалэ, курыт еджапIэ № 25), **Чэмгуев** и лъахэм» унэтIыныгъэм бжьыпэр щиубыдащ **Мамий Иринэ** (Налшык къалэ, курыт еджапIэ №4), «Дахагъэм и дунейм уэхэзышэ» унэтIыныгъэм пашэ щыхъуащ **БищIо Бесльэн** (Арщыдан, курыт еджапIэ №1).

Апхуэдэу «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ зэпэсым и лауреат хъуахэщ **Нэгъуей Iэмирэт** (Арщыдан къуажэ, курыт еджапIэ № 1), **Токумакъ Светланэ** (Налшык къалэ, гимназиэ № 29), **Хьалилэ Iалусэ, Тэтэр Ларисэ** (Кэнжэ, курыт еджапIэ № 20), **Бекъуей ФатIимэ, Апажэ Маринэ, Къардэн Людмилэ** (Налшык къалэ, гимназиэ № 13), **Зэрыш Анитэ** (Налшык къалэ, курыт еджапIэ №25), **Щэуей Иринэ** (Шэджэм къалэ, курыт еджапIэ №4), **АфIэунэ ШIинэрэ, Къагъуриэрэ Анэрэ** (Налшык къалэ, курыт еджапIэ №11), **Нэгумэ Iэсият** (Налшык къалэ, курыт еджапIэ №4).

(Фыкьеджэ 2-нэ напэкIуэцIым).

Гулыгъэ хэха

АДЫГЕЙ *Республикэм и змыц-фашист зэрыпхъуакIуэхэм кьызэрыщIащхьэкIыжкэ илъэс 65-рэ щрикъу махуэр зэрагъэлъэпIэну щыкIэм теухуа зэIущIэ щIэжьблагъэ Мейкъуапэ щекIуэкIащ. Абы хэтащ Адыгеим и Президент ТхьэкIуашэ Аслъанджэрий, республикэм и правительствэм хэтхэр, жылагъуэ, ветеранхэзэхьэныкъуэхэм я унафэщIхэр, изгъэущIхэри.*

ТХЬЭКIУШЫНЭ Аслъанджэрий зи пашэ «ТекIуэныгъэ» республикэ кьызэгъэпэщакIуэ комиссэм зэIущIэм кьыщIащ Адыгэ Республикэр, Мейкъуапэ нэмыц-фашист зэрыпхъуакIуэхэм кьызэрыщIащхьэкIыжкэ илъэс 65-рэ зэрыритыр иращIэкIыну Iуэхугъуэхэм я план. Абы ипкъ иткIэ щIыщылэм и 16-м щыщIэдзауэ мазаем и 22 пщIондэ щIыналъэм щекIуэкIыну зэхуэтхьапэ конференцкэр, спорт зэхьэзэхуэхэр, зэтафетхэр, концертхэр, нэгъэущIхэри, Апхуэдэуи гулыгъэ хэха хуащIыну Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, фызабэхэм.

Республикэм Зауэмрэ лъэныгъэмкIэ и ветеранхэм я зэгухьащIэм и тхьэмадэ Бартащ Генрих зэрыжиIамкIэ, Хэку зауэшхуэм и ветеранэу Адыгеим щIыхь 41-рэ щопсэу. Абыхэм ящыщу Мейкъуапэ я. Тевэжж районым кьищынэмыщIа, адрейхэм зауэм и ветеран зырызтIурытI кьыдэнэжауэ араш.

Олимп ухуэныгъэхэм щIадзэ

АБХЪАЗ. *Сочи къаэр админ-istрацэм и унафэщI Колодяжный Виктор зэрыжиIамкIэ, 2014 гъэм Сочи щекIуэкIыну Щ Iыныкъуэ Олимп Джэгуэхэм ухагъахъэзырыну спорт объектхэр зэфIэгъэкъуэжну Iуэщ Iагъэлъэгъуэн папщIэ къаэр щыкIу. Абхъазым щаухэзнуц. Абы теухуауэ лъэныкъуитIыр иджыпсту зэпсальэ.*

КОЛОДЯЖНЫЙ Виктор кьызэрыхигъэщащкIэ, Олимп ухуэныгъэхэм щIыху мин 70-м нэблагъэ кьыхащIнуц. Абы хэтыпущ Сочи щыпсэуэ, мы щIыналъэм щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэр.

Фигу къэдгъэкIыжынци, Урысей Федерацэм и Правительствэм и вице-премьер Жуков Александр жиIауэ щытащ олимп ухуэныгъэхэм хэтыну дзыхь зыхуэщIыну студент ухуакIуэ гупхэр кьыхахьын щхьэкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэ ирагъэкIуэкIыну зэрамурадыр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Парламентым езым и сайт иIэ хъуащ

Законхэр кьыдзэыгъэкI органымрэ жылагъуэмрэ якIу нэхуэу щыт зэпыщIэныгъэ-зэпсэльэныгъэ дэльын, алхуэдэуи КЪБР-м и Правительствэм и лэжьыгъэм теухуауэ щыхуэхьэн я Iэрыхьэн щхьэкIэ «Интернет» информацэ-коммуникацэ сетым Парламентым и официальнэ сайт кьыщыщIэуахащ.

Сайтым Iэмал кьет Парламентым и унафэщIэхэмрэ депутатхэмрэ упщIэхэр яхуэбгъэувыну, абы и напэкIуэцIхэм кьыщыбгъэтынущ Парламентым и лэжьыгъэм теухуа хъыбархэр. Сайтым итщ республикэ законхэмрэ унафэхэмрэ, законхэр кьыдзэыгъэкI органым илэжь Iуэхугъуэхэм теухуа хъыбархэр, махуэ кьэс абы иригъэкIуэкI лэжьыгъэм ехьэлIа нэгъуэщI информацэ.

КъБР-м и Парламентым и сайтым и адресыр: www. parlament.kbr.ru.

КъыщыжэмыщIауэ КъБР-м и Парламентым щолажьэ, хуейуэ хъумэ, уасэлъэ зэрыхъуну мыпхуэдэ телефон: (8662) 40-85-30.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iанэ.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

НэхъыфIу къалъытахэр

«Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ зэпэсу 2007 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым и курыт еджапIэхэмрэ сабий гъэсапIэхэмрэ зэрыкъэтэн ящыкIуэхэр натуэ хуащ.

ЯЛЬЭГъУА псори зэхахьэжри, курыт еджапIэхэм ящыщу **яп эвуплIэр хуэгъэфащащ Налшык къалэ дэт 13-нэ гимназиэм, етIуанэр зэдагуэшащ Арщыдан дэт 1-нэ еджапIэмрэ (Лэскэн район) Налшык къалэ и 29-нэ гимназиэмрэ, ещанэ увыпIэр Кэнжэ и 20-нэ курыт еджапIэмрэ Шэджэм къалэ щыIэ 4-нэ еджапIэмрэ** ираташ.

Лъэкъыгъэ купщIафIэ кьагъэльэгъуащ сабий гъэсапIэхэми, **Ялэ увыпIэр Налшык къалэ дэт 41-нэ сабий гъэсапIэ-пэщIэдзэ еджапIэм кьихьащ, етIуанэ увыпIэр Шэджэм ЕтIуанэ дэт «Насып» сабий гъэсапIэ-пэщIэдзэ еджапIэмрэ Налшык къалэ дэт 60-нэ сабий гъэсапIэ-пэщIэдзэ еджапIэмрэ зэдагуэшащ, ещанэ увыпIэри Налшык и 31-нэ, 52-нэ сабий гъэсапIэ-пэщIэдзэ еджапIэхэм** хуагъэфэщащ.

Хабзэ зэрыхьуам тету, щIэблэм гъэсэныгъэ, зэщIныгъэ тэмэм ябгъэдэлъхьэным псэемыблэжу хуэлажь, псэпырыт Iинатlэм сытым дежи щIэщыгъуагъ гуэр хэзыльхьэну хущIэкъу егъэджакIуэ нэхъыфIэхэри кьыхагъэщащ. Апхуэдэу **адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ егъэджакIуэ пажэхэу кьалытащ Щэныкъуей Иринэ (Шэджэм къалэ дэт курыт еджапIэ №4), Бырсырей Мадинэ (Кэнжэ и курыт еджапIэ №20), Мэкъуауэ Лянэ (Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм дэт «Насып» сабий гъэсапIэ-пэщIэдзэ еджапIэ)** сымэ.

КлассщIыб лэжьыгъэр щIэщыгъуэу, удихьэхыу кьызэрэпэщынымкIэ Iэзагъэшхуэ кьагъэльэгъуащ Налшык къалэ дэт **29-нэ гимназиэм и егъэджакIуэу Ефэнды Маринэрэ Хьэшт Маринэрэ.** Абыхэм кьыщынэмыщIауэ, «Гури псэри - сабийхэм» унэтIыныгъэм кьыщыхэжаныкIащ **Сэрахъэ Людмилэ** (Налшык къалэ, курыт еджапIэ № 25), «Дахагъэм и лъахэм» унэтIыныгъэм бжьыпэр щиубыдащ **Мамий Иринэ** (Налшык къалэ, курыт еджапIэ №4), «Дахагъэм и дунейм уэхэзышэ» унэтIыныгъэм пашэ щыхъуащ **БищIо Бесльэн** (Арщыдан, курыт еджапIэ №1).

Апхуэдэу «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ зэпэсым и лауреат хъуахэщ **Нэгъуей Iэмирэт** (Арщыдан къуажэ, курыт еджапIэ № 1), **Токумакъ Светланэ** (Налшык къалэ, гимназиэ № 29), **Хьалилэ Iалусэ, Тэтэр Ларисэ** (Кэнжэ, курыт еджапIэ № 20), **Бекъуей ФатIимэ, Апажэ Маринэ, Къардэн Людмилэ** (Налшык къалэ, гимназиэ № 13), **Зэрыш Анитэ** (Налшык къалэ, курыт еджапIэ №25), **Щэуей Иринэ** (Шэджэм къалэ, курыт еджапIэ №4), **АфIэунэ ШIинэрэ, Къагъуриэрэ Анэрэ** (Налшык къалэ, курыт еджапIэ №11), **Нэгумэ Iэсият** (Налшык къалэ, курыт еджапIэ №4).

(Фыкьеджэ 2-нэ напэкIуэцIым).

Къуажэдэсхэр ягъэгуфIэ

Тэрч куейм хыхьэ Дей къуажэм дэт клубым ремонт лэжьыгъэ зэрырамыщIэкIрэ зэман куэд дэкIат. Псом хуэмыдэу щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я Iуэхур ильахьэрт унэр къэзыгъэпль системэр жьы зэрыхьуам. Бжьыхьэ - щIымахуэ пхъэхэр клубым кьекIуалIэ. НыбжьыщIэхэм уадэлажьэнырэ гугъу дыдэт, пэщхэр къызэрымыплым кьыхэкIыу. ИльэсыщIэм и пэкьихуэу ахэр псори зэрахьэжьащ. Апхуэдэу унэм хадьхьащ хуабэр фIыуэ зыIыгъ пластикым кьыхэщIыкIа щхьэгъубжэ 20-м щIигъу.

УНЭ щIыбыр щIэрыщIэу зэрахьащ, унэ пIэзгъэр плиткэкIэ кьрагъэжькIащ, унащхьэри иджырей щапхьэм иту пластикэкIэ щIаIуIащ. ЩIэнхабзэмкIэ унэр кьэщIэрэщIэжащ.

Клубым и залышхуэм щэнт щабэу 210-рэ щIагъэуващ.

Зи гугъу тщIа Iуэхугъэр зэфIэгъэкIыным кьрагъэувэлIа уухакIуэхэм кьакIэрымыкуу абы хэтащ клубым и лэжьакIуэхэмрэ кьужьдэсхэмрэ.

СыткIи зэпэщу икIи дахэу зэфIагъэувэжа клубым ильэсищIэ пшыхьэр щрагъэкIуэкIащ.

ТОХЪУТЭМЫЩ Ланэ.

Льэпкъ Iущыгъэ:

Ущысу укъэзымыльагъум утэджкIэ укьильагъунукъым.

● Сытхэр уи псэукІэ, къуажэ?

ГугъэфІ яІэщ

Дэтхэнэ жылагъуэми Іуэху Іэдэж къыпэщытщ. Аэр зэфІэхыныращ, щыхуэхэр зыхуейзыхуэфІхэмкІэ къызэхэпщынныращ кІуаажэ адміністрацэхэм я гулыитэр зыхуэхуэнэтІар. Бахъсэм районым щыщ ХъэтІохъуащыкуей къуажэм мы зэманым щыхэфІагъэхІхэм щыгъуаз дищІащ щІыпІэ адміністрацэм и унафэщІ Къумыкъу МуІзед.

- ЗЭМАНЫФІ хуэдизу ди жьыгэр псыкІэ гугъу йоХь. Зы махуи дэкІыркъым абы и Іуэху зедмыхуэу. Нобэ-пщэдей щытыкІэм зихуэзыкІынум зыкІэмэ, пщІы соупс, ауэ 2010 гъэм нэсыху тещІыхьа «Псы кІуапІэ зэгуэт» республикэ программэм дызэрыхагъэхьам гугъэфІхэр дегъэщІ.

Дэри тхуэзфІэкІ къэдгъанэркъым. Къащтэмэ, адміністрацэмрэ кьуажэдэсхэмрэ я мылькукІэ Къутыр (Хутор) хьэблэм метр 200-м, Жэмыкъуэм и щІэр зезыкъэ уэрамым метр 750-м жьы хуэ бжьамийхэр щызэтхъуэкІащ, Къищынэмыщ Іауэ, Шэшэн Хьэсэн зи унафэщІ «Райкоммунсервис» Іуэхущ Іапэм псы зрикІуэ бжьамийхэм ящыщу куэд зэрегъэпэщыжащ.

Псыр унагъуэхэм чэзыкІэ яІэрыдгъэхьэфу аращ, ахъшэшхуэ зэрытекІуадэм кьыхэкІыу, махуэм насосыр сыхьэти 10 нэхьыбэ тхуэгъэлажьэркъым. Жьлэм псыр ирикъу щытхуэтыныр 2010 гъэрщ.

- Къуажэдэсхэм хуабэр тэ-мэму ягъэтэрэ, МуІзед?

- Абы ехьэлІауэ сом мелуани 2-рэ мин 350-рэ и уасэ лэжьыгъэ нэгъабэ зэфІэдгъэкІащ. УнэгъащІэхэр зытес уэрамитІым газ зрикІуэ бжьамийр метри 160-м щыдгъкъуэдиящ. Мы зэманым ХьэтІохъуащыкъуейм щыпсэу унагъуэхэм я процент 98-м а гъэсныпхъэр яІэрохьэ. Адрей кьэнахэми мы гъэм яхуэтшэнущ. АбыкІэ «Сервисстройр» фирмэм зэгурыІуэныгъэ худи Іэщ.

- Къуажэр зэІуэпэщ щІыным дауэ фыхуэнэсэр?

- Ди мурад псоми дыхуэнэмыкми, дэжьыгъэ пыухыкІахэр идогъэкІуэкІ. Президент Кьанокъуэ Арсенрэ ХуэзныгъэмкІэ министерствэмрэ кьыддэІэпыкъуни, кьуажащ щІэ кхъэщІэр блын гъэжакІэ къэтхуащ. Сом мелуани 6 хуэдизхуэтхри, Бахъсэнымсым декІуэкІ нэпкьыу метр 1870-рэ дгъэбыдащ. Іэпщм и цІэр зезыхь уэрамыр зэІуэпэщ тщІащ, нэгъэщІ щІыпІэхэри къэдгъэщІэрэщІэжащ. Іэпщм и уэрамым тет унэ зэтетхэмрэ сымаджэщымрэ я унащхьэхэр зэрызэтхъуэкІынум сыткІи дыхуэхьэзырщ, а лэжьыгъэм мы махуэхэм щІэддэнэщ. Мылькур кьыззэрыдэмэщІэкІым кьыхэкІыу, нэгъабэ сэанэ курыт школым спорт гъэсапІэ тхуГуэщІыхьакьым. А Іуэхум 2008 гъэм яужь дитынущ.

- Щыхуэхэр дежьапІэкІэ дауэ хьурэ, МуІзед?

- Ар нэхъыбэу дызыгъэпІейтейхэм ящыщщ. Лэжьэфыну кьуажэм дэс щІыхь 2700-м щыщу ІэнатІэ зиІэр 825-рщ. Абы район адміністрацэри, республикэм и унафэщІхэри щыгъуазэщи, зэрыхъкІэ кьыддоІэпыкъу. Езы щІыхуэхэм я щхьэ Іуэху зэрахуэжь, хэхъуэ гуэрхэр зыІэрагъэхьэ. Спорт щІыгъынхэр щад цехыр кьызэІутхьажмэ, абыи унэгъащэ гупыфІ лэжьапІэкІэ кьызэрегъэпэщынущ.

Псыр унагъуэхэм чэзыкІэ яІэрыдгъэхьэфу аращ, ахъшэшхуэ зэрытекІуадэм кьыхэкІыу, махуэм насосыр сыхьэти 10 нэхьыбэ тхуэгъэлажьэркъым. Жьлэм псыр ирикъу щытхуэтыныр 2010 гъэрщ.

- Къуажэдэсхэм хуабэр тэ-

Епсэльар **ЗЕЙ Гъэзерщ.**
Бахъсэн куей.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Адыгэ уэркъхэр. XVIII лІэщІыгъуэ
Сурэтыр **Палласт П.-С.** *(1741-1811) и тхылъым кьитхащ.*

● Мусльымэн махуэгъэпс

ІэшырыІ махуэр

ДинымкІэ еджагъэшхуэ Іибн-Хьэббас кьиІуэтэжыгъащ мы хьыбарыр. Хьиджрэ (Мухьэмэд бегьымбарыр Мадинэ хьэлэн Іэпхъуэ) нэужьым, абы гу льитащ ехьудхэр (журтхэр) дауэдапщэ гуэрым зэрыхэтым икІи щІэупщащ абыхэм зи Іуэху зэрахуэм. «Нобэ Іэшрыі махуэщ, - кьыжраІащ. - Исраіл и бынхэр Алыхьым кьызэрихъумам, я бийхэм зэратригъэкІуам и щыхькІэ ягъэлъапІэ. Мусэ бегьымбарым и жэрдэмкІэ мы махуэм унэщІыну псапэщ».

«Сэ пщІэ хуэзощІ Мусэ,» -жиІащ Мухьэмэд, Іэшырыіыр гунэс щыхьури, а махуэм хьэрпхэрэн нэщІын хуейуэ кьигъэуващ.

Рэмэдан мазэ льапІэр мусльымэнхэм яІэ хьуа нэужь, бегьымбарым ткІийуэ иукъуэдиижакъым и Іуэмэтхэр Іэшырыі махуэм нэщІын хуейуэ, «УнэщІми хьунущ» жиІа мыхьумэ.

Мусльымэн шинтэхэм (Иракым щыпсэухэм) Іэшырыіыр я щыгъуэ махуэщ, Іимам Хьусейн (хьалифышхуэу щыта Алий и къуэр) омеядхэм гуузу зэрауакІам теухуауэ.

КЬР-м и мусльымэн Іуэхущ Іапэм и унафэщІым и кьуэдзэ Сыжажэ Алим хьыбар кьызэрыдигъэщІамкІэ, Іэшырыіыр 2008 гъэм ди республикэм исхэм ягъэльапІэнущ щІышылэм и 18-м.

Урысей Федерацэм и Конституцэ Судым 2007 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м иубзыхуэ Унафэ №171-0-П-р официальнэу гурагъЫуэну льаЫуэу Бабаев Магомед Белак и кьуэмрэ Гуртуев Оюс Берт и кьуэмрэ зэрызыхуагъэзам инкъ иткІэ

Урысей Федерацэм и Конституцэ Судым иубзыхуар

Москва къалэ

2007 гъэм жэпуэгъуэм и 2-м

Урысей Федерацэм и Конституцэ Судым и Унафэщ Зорькин В. Д., судыщІэхэу Бондарь Н. С., Гаджиев Г. А., Данилов Ю. М., Жарковэ Л. М., Жилин Г. А., Казанцев С. М., Клеандров М. И., Кононов А. Г., Красавчиковэ Л. О., Маврин С. П., Мельников Н. В., Рудкин Ю. Д., Сергеев Н. В., Сливо А. Я., Стрекозов В. Г., Хохряковэ О. С., Эбзеев Б. С., Ярославцев В. Г. сымэ хэту.

«Урысей Федерацэм и Конституцэ Судым и Іуэхуі» Федеральнэ конституцэ законым и 41 статьям тету Бабаев М. Б., Гуртуев О. Б. сымэ кьагъэхьа льэІум пэублэу щыгъуазэ зэрызыхуищам инкъ иткІэ, судыщІэ Стрекозов В. Г. игъэхьэзыра заключенэм езым и пленар зэІущІэм щедаІуэри,

игъэуваци:

1. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и административнэ-муніципальнэ зэхэлъыкІэм и Іуэхуі», «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэ муніципальнэ щІыналъэхэм я статусымрэ абыхэм я гъунапкъэхэмрэ я Іуэхуі» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и законэм, «Урысей Федерацэм щыпІэ самоуправленэр кьыщызэІэпэщыныМкІэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Іуэхуі» Федеральнэ законым щыгъэува хабзэхэм езыхэм я конституцэ хуитыныгъэхэр кьызэрызэпаудыж теуХуэу Гуртуев О. Б. кьигъэхьа тхъэусыхэфхэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыщ щІыху гупым кьагъэхьа тхъэусыхэфхэм япкъ иткІэ, Урысей Федерацэм и Конституцэ Судым 2007 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м иубзыхуа Унафэ №171-О-П-м кьыкІэлъыкІуэхэр щигъэбелджыдащ.

Правовой Іуэхуэхэр зыблэзыгъэкІ системэм щаІыгъ конституцэ-правовой мыхьэнэмкІэ кьащтэмэ, «Урысей Федерацэм щыпІэ самоуправленэр кьыщызэІэпэщынымкІэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Іуэхуі» Федеральнэ законым и 84 статьям и Іыхьэ 3-м, 85 статьям и Іыхьэ 3-м кьызэрагъэувмкІэ, щЫпІэ самоуправленэр кьыщызэгъэпэща щІыналъэм и гъунапкъэхэр, муніципальнэ щІыналъэхэм я зэхэлъыкІэр щызэрахуэхЫнэ деж а щЫпІэхэм щыпсэу щІыхухэм я Іуэху епІлъыкІэр щыІэ хабзэхэм тету жрагъЫэн инкІи ар кьалъытэн хуейщ. Апхуэдэу щымыт нэужьым, а статьяхэм щыубзыхуахэр мы Федеральнэ законым и 12, 13 статьяхэм кьагъэувэм я мызакъуэу, щЫпІэ самоуправленэм и купщІэм хэзгъэзауэ Урысей Федерацэм и Конституцэм и 131 статьям (Іыхьэ 2-м) щигъэбыдэ шэсыпІэхэми емызэгъыу аращ, апхуэдэ къэбгъэхьункІэ Іэмал иІэкъым. Муніципальнэ щІыналъэхэм я зэхэлъыкІэр щахъуэжкІэ, щІыхухэм я Іуэху епІлъыкІэр референдумым щыжрагъЫэ е яубзыхуауэ щыІэ нэгъэщІ Іэмалхэмкі зэхагъэкІ хьунущ.

Правовой Іуэхуэхэр зэблэзыгъэкІ системэм щаІыгъ конституцэ-правовой мыхьэнэмкІэ кьащтэмэ, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и административнэ-щІыналъэ зэхэлъыкІэм и Іуэхуі» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 1 статьяр, 14 статьям и пункт 2-р, а Законым и гуэдзэн №1-р тегъэщІапІэ ящІу, щЫпІэ самоуправленэ кьыщызэІэпэща щІыналъэхэм, муніципальнэ щІыналъэхэм щыпсэухэм я Іуэху епІлъыкІэр зэгуагъэхьэну, муніципальнэ щІыналъэхэр зэгуагъэхьэну, зэгуагъэкІыну, хагуэшжьыну хуиткъым. ИщхьэкІэ къыщыгъэзгъэуа а закон мардэхэр нэгъуэщІ мыхьэнэ яІэу къыыгурыІуэхэр икІи кьызэгъэзэбэхэр, судэхэр аІыхьэ яхэту, а мардэхэм я купщІэхэм кьынчэкІыну дауэ щыпІэ самоуправленэмкІэ щэсыпІэу Урысей Федерацэм и Конституцэм, ЩІыпІэ самоуправленэмкІэ Европэм и хартием, Урысей Федерацэм щыпІэ самоуправленэр кьызэрызэпэщынымкІэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Іуэхуі» Федеральнэ законым, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм кьагъэувэр.

Урысей Федерацэм и Конституцэ Судым апхуэдэу кьыхигъэщхьэхукІащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и административнэ-щІыналъэ зэхэлъыкІэм и Іуэхуі» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым щыгъэува мардэхэр жьыгагъэ зэхуаку щІыналъэхэр кьызэрагъэпэщын папщІэ лъабжьэ Урысей Федерацэм правовой Іуэхуэхэр зэблэзыгъэкІ и системэ кьыщагъэсэбэп зэрымыхьунур.

